



Ankadreman enpòtan

Chè Nouyòkè,

Gen yon pawòl ki di: yon jèn moun ki pa gen yon moun pou gide l, se tankou yon eksplorè ki pa gen yon kat jewografi.

Mwa pase a, nou te reyalize inogirasyon Key Awards nou an, ki selebre moun k ap gide elèv (mentor) nan lekòl nou yo ki ba yo plan pou pakou yo, ki ankouraje yo pou yo gen gwo anbisyon epi reyalize potansyèl yo. Mentor sa yo gen ladan edikatè, manm kominote a, lidè biznis, ak estaf nan ajans vil yo tankou Depatman jèn ak devlopman Kominotè.

Nou te onore tou elèv ki te pwofite pran opòtinite sa a epi ki te fè pwogrè enpresyonan nan pakou edikasyon yo anba direksyon mentor yo. Elèv sa yo soti nan 34 lekòl atravè senk borough yo, ladan anpil lekòl k ap patisipe nan [Project PIVOT](#), youn nan inisyativ sekirite nou yo ke tout moun rekonèt. Project PIVOT asosye lekòl ak òganizasyon lokal ki gen rasin pwofon nan kominote yo pou bay elèv sipò sosyal-emosyonèl epi dirije efò k ap fèt pou prevni vyolans.

Nan selebrasyon an, mwen te pale avèk mentor sa yo ak elèv yo te gide yo, ansanm ak apeprè 1,400 envite, sou pouvwa travay konseye mentor sa yo genyen. Mwen ensiste pou mentor

ouvri nouvo posiblite ak chemen lavi. Apretout, jan Marian Wright Edelman te di yon fwa, "Ou pa ka sa ou pa ka wè."


Men, se pa yon pwogram fòmèl ni yon seremoni prim ki fè yon moun yon mentor. Fanmi ak estaf: nou deja sèvi kòm mentor pou jèn ki nan lavi nou yo. Yo admire nou epi yo tire enspirasyon nan men ou. Pandan n ap prepare pou vakans ete a, mwen ankouraje w reflechi sou fason ou ka kontinye sèvi kòm mentor pou elèv nou yo, sitou lè yo pa pase jounen yo lekòl. Wòl yon mentor se yon travay 24/7, epi li se yon wòl trè enpòtan. Lè nou bay elèv nou yo yon plan wout avèk tout rebondisman lavi a, nou ba yo yon bon jan demaraj pou yon avni asire.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou Paj [YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).